

ENTÈDIKSYON VWAYAJ PREZIDAN TRUMP METE POU REFIJYE AK SITWAYEN SÈTEN PEYI KOTE PIFÒ MOUN SE MIZILMAN

Avètisman: Se Inite Lwa Imigrasyon nan Sosyete Èd Legal (Legal Aid Society) ki te kreye bilten enfòmasyon sa a. Bilten enfòmasyon sa a se pa konsèy legal, ni li pa la pou ranplase konsèy yon ekspè nan imigrasyon.

Nan dat 26 jen 2017, Lakou Siprèm Etazini te pibliye desizyon li pran nan zafè Trump kont IRAP, ki elimine an pati desizyon tribinal ki te estope aplikasyon Dekrè Egzekitif 6 mas 2017 Prezidan Donald Trump la ki entèdi vwayaj pou refijye ak sitwayen nan Iran, Libi, Somali, Soudan, Siri, ak Yemenn.

Ni Depatman Deta Ameriken, ni Depatman Sekirite Enteryè Etazini te bay premye gid sou fason yo te pral aplike entèdiksyon vwayaj la. Yo prevwa gid anplis nan semèn k ap vini yo, epi gen kèk pouswit lajistis federal ki kòmanse deja.

Nan ki Sitiyasyon Entèdiksyon Vwayaj la ye pou Kounye a? (nan dat 30 jen 2017)

- Entèdiksyon vwayaj la aplike pou sitwayen sis peyi ki mansyone yo ki te andeyò Etazini nan dat 26 jen 2017, ki pa te gen yon viza valab a 5:00 pm Lè Nòminal Zòn Lès le 27 janvye 2017, epi ki pa te gen yon viza valab a 8:00 pm Lè Avanse Zòn Lès le 29 jen 2017.
- Entèdiksyon vwayaj la pa pral aplike kont sitwayen sis peyi sa yo ki gen yon relasyon *bona fide* (yon relasyon ki vre) ak yon moun oswa yon antite Ozetazini, oswa ke yo retire nan moun ki anba entèdiksyon an, osinon ki kalifye pou yon egzansyon.
- Relasyon ak yon **moun** vle di yon relasyon fanmi pwòch.
 - Relasyon yo konsènen: paran, boparan, mari/madanm, fiyanse, pitit, pitit gason oswa pitit fi adilt, bofis, bèlfi, frè/sè (keseswa se menm paran, yon paran komen, oswa akòz paran ki remarye).
 - Relasyon yo pa konsènen: granparan, pitit pitit, matant, tonton, nyès, neve, kouzen, bofrè ak bèlsè, ak nenpòt lòt manm fanmi "lwen".
 - Awayi gentan depoze yon plent federal ki konteste lefèt ke yo retire manm fanmi sa yo; n ap tann kisa ki pral rive pou dosye sa.
 - Yo pa sipoze entèdi antre mari/madanm ak timoun refijye "ki vini annapre pou reyini" ak yon refijye ki deja Ozetazini, malgre entèdiksyon refijye yo, piske yo gen yon relasyon fanmi *bona fide*.
- Relasyon ak **antite yo** dwe ofisyèl, pwouve ak dokiman, epi relasyon an fòme nan dewoulman aktivite nòminal.
 - Viza etidyan ak viza ki baze sou travay gen rapò ak antite edikasyon oswa antite biznis yo ke aplikan an prezizeman gen yon relasyon avèk yo ki ofisyèl, pwouve

ak dokiman, yon relasyon ki te fòm nan dewoulman aktivite nòminal, kidonk moun nan yonn nan sis peyi ki mansyone yo k ap chèche kalite viza sa a pa sipoze entèdi pou resevwa viza a oswa pou antre Ozetazini.

- Relasyon avèk yon antite pa kapab te fòm nan objektif pou evite entèdiksyon vwayaj la.
- Nan moman kounye a, yo **pa** rekonèt relasyon yon refijye ak ajans reyentegrasyon refijye kòm yon relasyon *bona fide* ak yon antite Ozetazini, pou entèdiksyon vwayaj la. Yo prevwa pibliye gid anplis trè pwochènman.
- Moun nan yonn nan sis peyi ki mansyone yo k ap chèche jwenn viza touris oswa vizitè ta ka jwenn entèdiksyon si yo pa ka pwouve yon relasyon *bona fide* ak yon moun oswa yon antite Ozetazini.
- Yo **retire** nan entèdiksyon vwayaj la moun annapre la yo:
 - rezidan pèmanan;
 - moun ki admèt oswa ki gen libète sou kondisyon (parole) Ozetazini nan dat antre anvigè dekrè a (26 jen 2017) oswa apre dat la, ankontan otorizasyon davans pou libète pwovizwa pou retounen Ozetazini (advance parole);
 - sitwayen doub nasyonalite k ap vwayaje ak paspò peyi ki pa deziyen an;
 - sèten moun ki gen viza diplomatik;
 - moun ki gen azil ak refijye, ke yo akòde estati deja nan dat antre anvigè dekrè a;
 - moun yo akòde sispansyon ekspilsyon oswa pwoteksyon dapre Konvansyon Kont Tòti.
- **Egzansyon** kapab disponib si yon moun kapab ranpli touletwa nan kritè annapre la yo:
 - Refi a ta lakòz dezavantaj ki pa jistifye;
 - Nan kontèks sa a, yo poko bay definisyon pou dezavantaj la.
 - Antre moun nan pa ta reprezante yon menas pou sekirite nasyonal; epi
 - Antre a t ap nan enterè piblik.

Kisa Entèdiksyon Vwayaj la Di Poutèt pa li?

Nan pami anpil lòt bagay, Dekrè Egzekitif 6 mas 2017 sou vwayaj la mande pou gouvènman federal la:

- Entèdi antre pou 90 jou pou tout sitwayen Iran, Libi, Somali, Soudan, Siri, ak Yemenn ki andeyò Etazini nan dat antre anvigè dekrè a (ki 26 jen 2017 kounye a), ki pa te gen yon viza valab a 5:00 p.m. nan Lè Nòminal Zòn Lès le 27 janvyè 2017, epi ki pa gen yon viza valab nan dat antre anvigè dekrè a (ki a 8:00 pm Lè Avanse Zòn Lès le 29 jen 2017 kounye a).
 - Irak pa sou lis entèdiksyon an ankò.
- Pa aplike entèdiksyon an pou rezidan pèmanan, moun ki admèt oswa ki gen libète sou kondisyon (parole) Ozetazini nan dat antre anvigè dekrè a oswa apre dat la, ankontan otorizasyon davans pou libète pwovizwa pou retounen Ozetazini (advance parole); sitwayen doub nasyonalite k ap vwayaje ak paspò peyi ki pa deziyen an; sèten moun ki gen viza diplomatik; moun ki gen azil, refijye, moun yo akòde sispansyon ekspilsyon oswa pwoteksyon dapre Konvansyon Kont Tòti.

- Otorize egzansyon pou entèdiksyon vwayaj la sou yon baz ka-pa-ka, dapre divès kalite kritè.
- Pa aplike entèdiksyon vwayaj la pou sitwayen Irak, ki alapas pral gen anpil chans pou yo anba bonjan egzamen.
- Sispann tout admisyon refijye pou 120 jou omwen.
 - Pa aplike pou refijye ki prevwa ofisyèlman pou tranzit anvan dat antre anvigè dekrè a, ki se a 8:00 pm Lè Avanse Zòn Lès le 29 jen 2017 kounye a.
 - Eksepsyon pou entèdiksyon refijye a ka fèt ka-pa-ka.
- Diminye objektif admisyon refijye Prezidan Obama a ki te nan 110,000 pou FY2017 pou mete li nan 50,000.
- Akselere finisman yon sistèm byometrik antre-sòti.
- Sispann Pwogram Egzansyon Entèvyou Viza a (Visa Interview Waiver), epi mande pou tout aplikan pou viza ale nan yon entèvyou sof si lalwa pa egzije sa.
 - Sa a pa afekte Pwogram Egzansyon Viza a (Visa Waiver Program), ki elimine egzijans pou jwenn yon viza vizitè.
- Konsidere mete fen a tout egzansyon pou motif inadmisiblite anrapò ak teworis, san gade sou fason sipò moun lan pa te gen enpòtans oswa pa te egziste an reyalye pou yon swadizan "òganizasyon teworis".

Si w gen nenpòt kesyon oswa ou bezwen asistans, tanpri rele Liy Dirèk Imigrasyon nou an nan 844-955-3425.